

Bi Swen Dantè pou Bebe/Katkat

- Evite doulè kari nan timoun piti.
- Yon entwodiksyon nan swen dantè ki agreyab epi pa menasan.
- Etabli yon woutin abitid bwose ak pase swa byen.

Kari Bibon Bebe

Kari nan dan bebe akòz ekspozisyon ak lèt, fòmil bebe, ji fwi, gazyèz, oswa lòt likid sikre kontinye ak pwolonje nan bibon oswa ti gode bebe a.

- Timoun ki fè kari bibon bebe pou souvan alimante bwason sa yojis anvan yo dòmi oubyen fè kabicha, epi sa kite tan pou bakteri pouse ak miltipliye otou dan yo.

Kari bibon bebe yo parèt blan epi yo tounen mawon pandan pwosesis kari aktif la pwogrese.

Bagay pou evite

- Evite bo bebe sou bouch. Transmisyon move bakteri oral, sa ki lakòz kavite, ka entwodwi soti nan paran ale nan bebe yo.
- Evite mete sousèt nan bouch ou pou pwopte li epi remèt bebe a li. Sa a ka transmèt bakteri nan bouch bebe a tou.
- Evite bay lèt bebe, ji, oswa nenpòt lòt bwason apre w fin bwose dan yo ak lè w mete yo kouche fè kabicha oubyen dòmi lannwit kòm sa a ka lakòz kari bibon bebe.
- Evite manje kole oswa sikre. Manje oswa sirèt kole sa yo ka lakòz kavite. Kavite inisyal yo sanble tach blan sou dan an epi yo fè tach mawon pandan kavite a fòme.



Kari prekos

Kari modere

Kai avanse

<u>5 Fason pou Anpeche Kari Dan</u>	
Pa pataje istansil avèk pitit ou ni "pwopte" yon sousèt nan mete li nan bouch ou. Ou ka transfere mikwòb ki lakòz kavite bay pitit ou.	Manje an sante epi bwè dlo ki gen fliyò
Premye konsiltasyon dantè pa pita pase laj 1 lane	Sèvi ak pat dantrifis ki gen fliyò menm kote dan yo koupe nan jansiv yo. Lè timoun ka bwose dan pou konte yo, fè yo bwose dan yo 2 minit 2 fwa chak jou
Mande dantis ou aplike sèl dantè sou sifas dan ki mastike yo.	

Referans:

¹ Harris, N., Garcia-Godoy, F. & Nathe, C. (2009). Dantistri Preventif Primè. (7yèm Edisyon). New Jersey: Edikasyon Pearson.

² Asosasyon Dantè Ameriken. (2019). 10 bagay ou dwe konnen sou dan bebe w. Tire nan: <https://www.mouthhealth.org/en/babies-and-kids/kids-quick-tips>

³ Asosasyon Dantè Ameriken. (2019). Bebe ak timoun. Tire nan <https://www.mouthhealthy.org/en/babies-and-kids/healthy-habits>

⁴ Administrasyon Manje ak Dwòg (FDA) (2018). FDA pran aksyon kont infiltrasyon pwodwi benzokén OTC pou dan akòz gwo risk grav pou sekriré, manje benfici. Tire nan <https://www.fda.gov/news-events/press-announcements/fda-takes-action-against-use-otc-benzocaine-teething-products-due-serious-safety-risk-lack-benefit>

Kreye: 04 Fevriye 2020

Swen Dantè pou Bebe ak Timoun

Pran swen dan bebe w enpòtan pou sante ak devlòpman global yo epi bon swen dantè kòmanse anvan premye dan an koupe. Pran etap sanitè pou aplike yon woutin swen dantè avèk pitit ou ka ede pwoteje sante dantè pitit ou nan lavni a.



Swen Dantè Prekos pou Bebe

- Se paran an ki pou asime responsabilite ijyèn oral kotidyen pou bebe a. Ekspè yo rekòmande yon konsiltasyon kay dantis nan premye lane a.
- Administrasyon Manje ak Dwòg la avèti moun PA sèvi ak okèn pwodwi benzokèn kit li gen mak kit li jenerik, tankou: Baby Orajel, Orajel, ak Pat Orabase pou timoun ki pi piti pase laj 2 lane.
- Apre w fin ba yo manje, siyen pwent yo avèk yon ti sèvyèt dou kote dan yo pral koupe pita pou retire ti rès manje. Sa a etabli yon woutin pwopte jansiv yo.



Finger Brush

- Lè dan yo kòmanse koupe, li nesesè pou retire kras chak jou epi ou ka sèvi avèk yon bwòs dwèt.
- Kòm prekosyon, ou pa dwe sèvi ak pat dantrifis ki gen fliyò ladan li pou timoun pi piti pase laj 3 lane.
- Si w bay yon timoun bibon anvan yo dòmi, asire se dlo ki ladan li sèlman. Lèt ak lòt bwason sikre ka lakòz kari si yo rete sou dan yo.

Kilè dan bebe yo koupe?

Lè dan bebe yo ap koupe jansiv yo, bebe yo ka genyen jansiv ki fè mal oubyen anfle. Fwote jansiv yo avèk yon ti sèvyèt ki pwòp ak fre ka soulaje yo.

Akademi Dantistri Pedyat Ameriken an rekòmande timoun konsilte ak dantis anvan 1e fèt yo oubyen 6 mwa apre premye dan an koupe.

Ki dan ki prezan ak kilè?

Teknik Bwose Dan pou Timoun

- Lè premye mole timoun nan koupe kòmanse sèvi ak yon bwòs dou ki apwopriye pou laj la. [Kantite gwosè gress pwa pou timoun 3 a 6 lane](#)




- Bwose dan omwen 2 fwa chak jou pandan 2 minit.
- Timoun pral fè 20 dan bebe an tou.

Dan bebe yo enpòtan pou mastike, pale, ak espas kòrèk pou dan adilt.

- Pandan w ap bwose vize bwòs la nan yon ang 45 degré anvè jansiv yo epi bwose tou dousman nan ti sèk oswa souke bwòs la dousman nan tisi jansiv la.
- Bwose tout sifas yo nan dan an. Aksyon bwose a enpòtan pou retire akimilasyon kras sou dan yo.
- Lè dan yo kòmanse kole, kòmanse ap pase swa chak jou.

Mete pitit ou chita sou pve w ka benefisyé, amizan, ak edikatif.

- Di yo sa w ap fè a epi montre yo sa w jwenn.
- Sa a pral prepare yo pou chèz dantis la.
- Kite pitit ou kenbe yon kwonomèt pandan w bwose pral ede yo santi yo pi konekte ak aktivite a.
- Kite yo kenbe manch la ansanm avèk ou pandan w bwose. Konsa yo ka kòmanse abitye ak mouvman yo.
- Fè yo pratike bwose dan nounous yo pi renmen an pou ti plezi.



Teknik Pase Swa pou Timoun

- Lè dan yo kole li ka difisil pou retire manje nan mitan yo, se poutèt sa a pase swa ka osi enpòtan ak bwose dan yo.

- Kòmanse ap pase swa lè remake dan yo kole. Tout dan bebe yo sipoze prezan ant laj 2 a 3 lane. Tablo anba a montre kilè dan yo parèt ak chanje.



- Avèk yon mouvman baskil, pase fil la tou dousman nan ant dan yo. Yon fwa w rive depase pwen kontak la (kote dan yo kole youn ak lòt) fè yon fòm tankou C epi anbrase dan an e glise fil la monte desann jiskaske sifas la fin pwòp.



- Flèch vèt la montre espas etwat la ant dan jèn yo. Sa a t ap yon kote pou pase swa chak jou paske bwose a pou kont li pa t ap retire manje ki kole ant dan yo.
- Ki dan ka bon pou timoun tou!

Dan Sipèryè yo	Koupe	Chanje
Ensiziv santral	8-12 mwa	6-7 lane
Ensiziv lateral	9-13 mwa	7-8 lane
Kanin (kispid)	16-22 mwa	10-12 lane
Premye molè	13-19 mwa	9-11 lane
Dezyèm molè	25-33 mwa	10-12 lane
Dan Enferye yo	Koupe	Chanje
Dezyèm molè	23-31 mwa	10-12 lane
Premye molè	14-18 mwa	9-11 lane
Kanin (kispid)	17-23 mwa	9-12 lane
Ensiziv lateral	10-16 mwa	7-8 lane
Ensiziv santral	6-10 mwa	6-7 lane